Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме китапхана орайы



# «Халық ардақлаған жазыўшы»

***Өзбекстан халық жазыўшысы, Өзбекстан қаҳарманы Сайид Ахмад туўылғанының 100 жыллығына***

***әдебиятлардың жазба обзоры***

***Нөкис – 2020***

## *КИРИСИЎ*

Усы жылы Өзбекстан халық жазыўшысы, Өзбекстанда хызмет көрсеткен көркем – өнер ғайраткери, Өзбекстан қаҳарманы Саид Ахмад 100 жасқа толады. Бул сәне Өзбекстан Республикасы көлеминде кең түрде белгиленип өтилмекте. Бизиң мәлимлеме – китапхана орайымызда да бул сәнени ылайықлы түрде белгилеп өткериў мақсетинде көплеген илажлар исленип атыр: Китап көргизбелери қойылмақта, сәўбетлесиў кешелери өткерилип, методикалық қолланбалар исленбекте. Ал Мағлыўмат-библиография хызмети тәрепинен болса жазыўшының өмири ҳәм дөретиўшилик хызметине қызығыўшы әдебиятшылар, алымлар, муғаллимлер, студент жаслар ҳәмде бәрше китапхана орайы пайдаланыўшылары ушын әдебиятлардың библиографиялық обзоры исленип отыр.

Бул обзор төмендеги бөлимлерден ибарат:

1. Саид Ахмадтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети.
2. Саид Ахмадтың шығармалары.

## *Саид Ахмадтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети*

Саид Ахмад – жазыўшы ҳәм драматург. Ол өзиниң новелла ҳәм қызықлы гүрриңлери менен өзбек миллий әдебиятының раўажланыўына салмақлы үлес қосқан.

Саид Ахмад 1920 жылы Ташкентте жумысшылар шаңарағында дүньяға келген. Ол мийнет жолын отызыншы жыл басларында ақ жас журналист ҳәм дөретиўши сыпатында аўыл хожалығы коллективлесиўинде ҳәмде халықтың саўатсызлығын сапластырыўда белсенди қатнасқан. 30-40 жыллары «Қизил Ўзбекистон» газетасында, «Муштум» ҳәм «Шарқ юлдузи» журналларында өзиниң очерк ҳәм гүрриңлери басып шығарады, радиода  ислейди. «Жимжитлик» романында турғынлық дәўири иллетлери әшкараланады.

Жазыўшы белгили “Уфқ” трилогиясын жазады. Усы трилогия жазыўшы дөретиўшилигинде айрықша орын тутады. Трилогия жазыўшы дөретиўшилигинде заманагөй өзбек прозасындағы ири дөретпе болды. Саид Ахмад усы трилогияүстинде 15 жыл мийнет еткен. Бунда жазыўшының пүткил өмир жолын ийелеп алған – урыстан алдыңғы, урыс дәўириндеги ҳәм урыстан кейинги жылларды өз ишине алады. Роман тийкарында шын тарийхый ўақыялар жатады, Ферғана каналының қурылысы ҳаққында  сөз етиледи. Халықтың руўхый дүньясын ашып береди.  Мийнеткеш халықтың мәртлигин ашып береди.  «Уфқ» өзбек ҳәм рус тиллерине көп мәрте аўдарма исленди, туўысқан халықлар тиллерине бир неше рет аўдарма исленди.

Саид Ахмад драматургия ҳәм кинодраматургия тараўында да нәтийжели жумыслар ислейди.  Саид Ахмадтың «Келинлер қозғалаңы» комедиясы халыққа жүдә белгили болды ҳәмде бул комедия елеге шекем театр сахналарында қойылып келинбекте. Оның Ғафур Ғулам, Абдулла Қодирий ҳәм Саида Зуннуновалар ҳаққындағы еске түсириўлери «Шарқ юлдузи» журналында басылып шықты. Саид Аҳмад “Өзбекстан ССР халық артисти” атағына ийе болды, “Халықлар дослығы” ордени  менен сыйлықланған.

Саид Ахмад көп жыллық тынымсыз мийнетлери ушын ғәрезсизлик жылларында  «Ўзбекистон халқ ёзувчиси», «Өзбекстанда хызмет көрсеткен  көркем-өнер ғайраткери» атақларына ийе болды.

1990 жылы «Буюк хизматлари учун» , 1995 жылы «Дослық» орденлери менен сыйлықланды. Ал 1999 жылы 25 августта ең жоқары сыйлық «Өзбекстан қаҳарманы» ҳүрметли атағына ийе болды.

Саид Аҳмадтың өмирлик жолдасы – Саида Зуннунова. 2013 жыл 10 июнь күни Ташкент қаласындағы Өзбекстан Миллий бағында Саид Ахмад ҳәмде Саида Зуннуноваларднң естелиги орнатылды.

## *Саид Ахмадтың шығармалары*




**Said Ahmad. UFQ. / Qaita nashrga tayyorlovchi Xusan[odjaeva Nodira Said Ahmad qizi. – Toshkent: Sano - standart, 2016. – 640 b.**

Жазыўшы белгили "Уфқ" трилогиясын жазады. Усы трилогия жазыўшы дөретиўшилигинде айрықша орын тутады. Трилогия жазыўшы дөретиўшилигинде заманагөй өзбек прозасындағы ири дөретпе болды. Саид Ахмад усы трилогияүстинде 15 жыл мийнет еткен. Бунда жазыўшының пүткил өмир жолын ийелеп алған – урыстан алдыңғы, урыс дәўириндеги ҳәм урыстан кейинги жылларды өз ишине алады. Роман тийкарында шын тарийхый ўақыялар жатады, Ферғана каналының қурылысы ҳаққында сөз етиледи. Халықтың руўхый дүньясын ашып береди. Мийнеткеш халықтың мәртлигин ашып береди. «Уфқ» өзбек ҳәм рус тиллерине көп мәрте аўдарма исленди, туўысқан халықлар тиллерине бир неше рет аўдарма исленди.




**Said Ahmad. Jimjitlik: Roman. –**

**Toshkent: Uzbekiston NMIU, 2011. – 280 b.**

Бул романда жазыўшы адамлардың турмысындағы түрли тәғдирлер, қызықлы ўақыялар ҳаққында шеберлик пенен сөз етеди. Оқыған адамда үлкен тәсир қалдырады.




**Саид Ахмад. Танланган асарлар: I – жилд.**

**Ҳикоялар. – Тошкент: Sarq, 2010. – 304 б.**

Китапқа бир неше ҳикаялары киргизилген болып, бул шығарманы оқыған жасларды әдеп – икрамлылыққа ҳадаллыққа тәрбиялаўы сөзсиз. Бул шығармаға әдебиятшы алым, Өзбекстан қаҳарманы Озод Шарафиддинов алғы сөз жазған.




**Саид Ахмад. Танланган асарлар: II – жилд.**

**Ҳажвиялар, пъесалар – Тошкент: Sarq, 2012. –**

**384 б.**

Бул китабына жазыўшы көплеген ҳикаялары менен бирге «Келинлер қозғалаңы», «Куёв» пъесаларын киргизеди. Бул пъесалар юморлық пъесалар болып турмыстағы ҳақыйқый машқалаларды күлкили көринисте үлкен шеберлик пенен сүўретлеп береди. «Келинлер қозғалаңы» пъесасы өзимиздиң ҳәмде басқа да қоңсылас республикалардың театр сахналарында да елеге шекем қойылып келинбекте. Китапты оқыған ҳәр бир китап оқыўшыда үлкен тәсир қалдырады.




**Саид Ахмад. Қоракўз мажнун: Ҳикоялар. – Тошкент: Ўзбекистон, 2001. – 240 б.**

Жазыўшының «Қоракўз мажнун» атамасы менен жарық көрген булл китабына бир неше шығармалары жәмленген болып, олардан: «Сароб», «Борса келмас дарвозаси», «Тақдир, тақдир, мунча шавқатсизсан?», «От билан суҳбат», «Ростгуй посбон», «Офтоб ойим», «Қоракўз мажнун», «Учинчи минора», «Қишдан қолган қолган қарғалар», «Буқаламун билан учрашув», «Азоб» ҳәм басқа да бир неше ҳикаяларынан ибарат. Бул шығармаларында жазыўшы әдебиятымыздың тоталитар режим дәўиринде басып өткен машақатлы жоллары, Ата – ана, перзент ортасындағы мүнәсибетлер корсетип бериледи. «Қоракўз мажнун» ҳикаясында болса ийман жүзли гөззал инсан болған бир ананың бул жарық дүньядан әрман, қайғы ҳәм өкиниш пенен көз жумыўына себепши болған перзент образы миллий қәдириятларымызды жоқ қылыўға қаратылған сол дәўирдиң аяўзыз сиясатының ҳәм жийеркенишли ақыбети ҳәм аянышлы қурбаны ретинде сүўретленеди.




**Саид Ахмад. Юлдуз: Ҳикоялар, очерклар, ҳажвиялар ва пъеса. – Тошкент: Ғафур Ғулом, 1986. – 244 б.**

Саид Ахмадтың «Юлдуз» топламында да бир неше ҳикая, очерк , ҳажвлар ҳәм пъесасы киргизилген болып, сол дәўирдеги аўыллардағы болып атырған жаңалықлар, өзгерислер ҳаққында сөз етеди. Пахта усталары, шарўалар, бағманлар туўралы очерклеринде сол дәўир қаҳарманларының образлары шеберлик пенен сүўретлеп берилген.




**Саид Ахмад. Киприкда қолган тонг: Қиссалар, хотиралар, ҳикоялар. - Тошкент: Шарқ, 2003. – 320 б.**

Жазыўшы бул шығармасын жазыўшы Ўлмас Умарбековқа бағышлап жазған, сондай – ақ китапқа өзиниң бир қанша еске түсириўлери менен ҳикаялары киргизилген. Олардан: «Умрим баёни, Биллур сиёҳдан», «Сароб», «Борса келмас дарвозаси», «Тақдир, тақдир», «От билан суҳбат», «Азроил ўтган йўлларда», «Офтоб ойим», «Тут пищиги», «Учинчи минора», «Тоғ афсонаси», «Менга етиб келмаган хат», «Фармонбиби қалъасига штурм» ҳәм басқалар.




**Саид Ахмад. Сайланма: I – жилд. Қиссалар, ҳажвлар, миниатюралар. – Тошкент: Ғафур Ғулом, 1980 – 392 б.**

Саид Ахмадтың «Сайланма» жыйнағынан бир қатар сатиралық ҳәм миниатюралық мазмундағы шығармалары «Синовчи ичувчи», «Туёна», «Қиличми тўқмоқ», «Лампа шиша», «Ажина», «Олиқ - солиқ», «Дунёда энг яхши хотин» сыяқлы дөретпелери орын алған. Китап оқыған ҳәр бир оқыўшыда мыйық тартар кейпият оята отырып, турмыс шынлығын кеңнен ашып береди.

*Дүзиўши:*

*Мағлыўмат библиография хызмети бас библиографы:* *Г. Тажимуратова*